Мойнақ районы ҳәкимлигинде физикалық ҳәм юридикалық шахсларды қабыллаў, олардың жеке арзалары ҳәм шағымлары, Өзбекистан Республикасы Президентиниң Виртуал ҳәм Халық қабыллаўханаларынан келип түскен мүрәжатлар менен ислесиў барысы бойынша 2025-жылдың 9 айы даўамында алып барылған жумыслар ҳаққында район ҳәкиминиң

ЕСАБАТЫ

Ассалаўма алейкум ҳүрметли депутатлар хәм сессия қатнасыушылары!

Мойнақ районы ҳәкимлигинде «Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында»ғы Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Нызамларын басшылыққа алып, 2025-жылдың 9 айы даўамында келип түскен пуқаралардың жазба, аўызеки ҳәм электрон түрдеги мүрәжатларын қарап шығып ҳәм олардың орынлаўы бойынша бирқатар жумыслар алып барылды.

Атап айтқанда 2025-жылдың 9 айы даўамында Мойнақ районы ҳәкимлигине жәми **232** мүрәжат, соннан **50** жазба, **174** аўызеки ҳәм **8** электрон мүрәжат есапқа алынып, булл мурәжатлар «Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында»ғы Қарақалпақстан Республикасының Нызамына муўапық Мойнақ районы ҳәкими тәрепинен қабылланып, оның орынбасарлары ҳәм жуўапкер хызметкерлери тәрепинен қаралып шығылды.

Улыўма **232** мүрәжатлардың **231** мүрәжат физикалық шахслардан, **1** мүрәжат юридикалық шахслардан келип тусип, булл мүрәжатлардың талапларының орынланыўы тиккелей район ҳәкиминиң жеке қадағалаўына алынды.

Жәми келип түскен мүрәжатлардың **231** арза, **1** шағым формасында келип түсти, соннан, **150** мүрәжат қанаатландырылды, **69** мүрәжатқа түсиндириў жумыслары алып барылды, **13** мүрәжат қарап шығылмақта.

Келип түскен мүрәжатлардың көпшилик бөлеги жумысқа орналастырыў мәселеси (28), материаллық жәрдем мәселеси (38), напақа мәселеси (1), турақ жай жағдайларын жақсылаў, жай менен тәмийинлеў мәселеси (13), үйлерди оңлаў мәселеси (14), банк кредит мәселеси (20), денсаўлықты сақлаў мәселеси (19), коммунал-хызмет тараўы (1), жоқары ҳәм орта-арнаўлы билимлендириў мәселеси (4), абаданластырыў мәселеси (24), қурылыс мәселеси (2), шаңарақ мәселеси (1), байланыс мәселеси (2), транспорт мәселеси (4)ҳәм түрли мәселелерден (38) ибарат.

Мәҳәллелер кесиминде таллағанымызда «Мойнақ» МПЖда -21, «Арал» МПЖда -16, «Жайхун» МПЖда -27, «Таллыөзек» МПЖда -31, «Дослық» МПЖда -23, «Учсай» АПЖда -6, «Тикөзек» АПЖда -16, «Бозатаў» АПЖда -27, «Мадели» АПЖда -6, «Хакимата» АПЖда -15, «Қызылжар» АПЖда -29, «Қазахдарья» АПЖда -9, басқа районларда жасаўшы 6 пуқарадан келип түскен.

Район ҳәкимлигине Өзбекистан Республикасы Президентинин Виртуал қабыллаўханасы аркалы 2025-жыл 9 айы даўамында **60** мүрәжат келип түсти. Келип түскен мүрәжатлардың **30** қанаатландырылды, **15** мүрәжат ҳуқықый

мағлыўмат бериў арқалы өз шешимин тапты, **7** түсиндириў жумыслары алып барылды, **8** қарап шығылмақта.

Өзбекстан Республикасы Президентинин Халық қабыллаўханасы арқалы **50** мүрәжат келип тусип дизимге алынды, соннан **41** мүрәжат қанаатландырылды, **2** мүрәжат ҳуқықый мағлыўмат бериў арқалы өз шешимин тапты, **7** мүрәжатқа түсиндириў жумыслары алып барылды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң «Халық мүрәжаты» платформасынан жыл басынан 9 ай даўамында **8** мүрәжат келип түсип дизимге алынды, соннан **3** мүрәжат қанаатландырылды, **2** мүрәжат ҳуқықый мағлыўмат бериў арқалы өзшешимин тапты, **3** мүрәжатқа түсиндириў жумыслары алып барылды.

Мүрәжатларды қарап шығыўда кемшиликлерге жол қойғанлығы ушын район ҳәкимлигиниң бас қәнигеси «Сөгис» интизамий жуўапкершилигине тартылды.

Сондай-ақ район ҳәкиминиң аппарат мәжилисинде пуқаралардың мүрәжәәтлары ҳәм олардың орынланыў барысы ҳаққында район ҳәкимлиги канцелярия бөлими меңгериўшисиниңе сабаты турақлы түрде тыңланып, орыналған кемшиликлерди сапластырыў бойынша өз ўақтында анық иләжлар қабылланып ҳәм тапсырмалар берилип барылады.

Дыққатларыңызушынрахмет!